



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

KENBE NOUYÒKÈ YO AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE YON APÈSI MEZI KI VIZE PWOTEJE JÈN YO KONT PARYAJ SOU ESPÒ EPI PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT DANJE JWÈT AZA YO

An repons ak diskou Eta Leta Gouvènè Hochul pou ane 2026 la, Komisyon Jwèt Aza Eta Nouyòk la pibliye yon pwojè mezi detaye pou kòmantè piblik

Gouvènè Kathy Hochul te bay yon apèsi jodi a sou yon seri mezi sevè ki ta anpeche jèn yo jwe jwèt aza sou entènèt, entèdi operatè paryaj espòtif yo sèvi ak entèlijans atifisyèl (AI) pou vize moun k ap parye yo, etabli deklanchè aktivite ki ta egzije operatè yo pou yo tcheke kliyan yo, epi etabli lòt efò inovan pou pwoteje Nouyòkè yo ki gen dwa legal pou yo jwe jwèt aza kont domaj ki ka rive.

"Paryaj sou espò mobil toupato, sa ap atire tout moun — enkli jèn nou yo — pou yo fè paryaj san yo pa byen reflechi sou konsekans yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou bezwen pwoteksyon regilasyon solid pou anpeche moun ki poko gen 21 an jwe aza, anpeche entèlijans atifisyèl pwofite sou jwè yo, epi egzije operatè parayj espòtif yo pran mezi reyèl si youn nan kliyan yo montre siy domaj jwèt aza. Mwen rekonesan anvè Komisyon Jwèt Aza paske li te mete an plas mezi konplè ki reyalize objektif sa yo epi pwoteje Nouyòkè yo. Kòm yon rapèl: Se sèlman jwèt aza legal epi ki reglemante ki gen pwoteksyon sa yo an plas."

Nan diskou Eta Leta 2026 li a, Gouvènè Hochul te bay Komisyon Jwèt Aza Eta Nouyòk la enstriksyon pou l pran mezi ki apwopriye pou asire ke jèn yo pa telechaje aplikasyon parayj, kreye kont oswa itilize kont lòt moun. Gouvènè Hochul te bay Komisyon an enstriksyon tou pou l konsidere fason pou itilize nouvo teknoloji pou ede idantifye epi ede moun ki ka bezwen asistans pou aiksyon jwèt aza.

Laj legal pou parye sou espò nan Eta Nouyòk se 21 an. Komisyon an egzije pou tout operatè ki gen lisans yo gen zouti apwopriye pou verifye laj pou anpeche moun ki poko gen 21 an kreye epi etabli yon kont lè yo sèvi avèk idantifikasyon pa yo. Sepandan, li evidan ke moun ki poko gen laj la te fè paryaj lè yo sèvi avèk kont ki legalman etabli oswa yo te jwenn yon fason pou yo jwe aza. Lè sitiyasyon sa yo rive, yo fèmen kont lan nèt.

Komisyon Jwèt Aza a pibliye de pwojè règleman ki detaye [mekanis pwoteksyon potansyèl pou pwoteje jèn yo](#) epi [aplike lòt pratik jwèt aza responsab](#). Komisyon an ap

pibliye mezi sa yo anvan yon pwopozisyon fòmèl pou jwenn fidbak non sèlman nan men endistri paryaj espòtif la, defansè jwèt responsab ak pwofesyonèl nan tretman pwoblèm jwèt aza, men tou nan men òganizasyon paran-pwofesè, lekòl, òganizasyon relijiye ak plis ankò. Komisyon an ap aksepte kòmantè sou pwojè langaj la jiska 15 me 2026 pa imèl nan adrès gamingrules@gaming.ny.gov.

Prezidan Komisyon Jwèt Aza a, Brian O'Dwyer, te deklare, "Jan Gouvènè Hochul te byen mete aksan sou li: Pa gen okenn lòt fòm jwèt aza ki domine konsyans nou tankou paryaj sou espò, epi timoun ki fasil pou enpresyone yo toujou ekspoze a pratik sa a. Dapre direksyon li, nou idantifye lòt fason pou pwoteje jèn nou yo, ede moun ki bezwen li nan moman kriz la, epi kenbe jwèt aza legalize ak reglemante an sekirite pou tout Nouyòkè. Nou pa ka tann pou nou tande piblik la sou pwopozisyon enpòtan sa yo."

Komisè OASAS, Doktè Chinazo Cunningham te deklare, "Souvan yo rele pwoblèm jwèt aza yon adiksyon kache, paske pa gen okenn siy fizik ekstèn. Sepandan, li kapab vin devastatè menm jan ak adiksyon ki lye ak sibstans. Pandan opòtinite jwèt aza yo ap kontinye elaji, li enpòtan pou nou ranfòse pwogram nou yo pou anpeche moun ki poko gen 21 an patisipe nan aktivite sa yo. Nou pa ka tann pou nou tande piblik la sou refòm sa yo pwopoze a, pandan n ap kontinye efò nou yo pou anpeche jwèt aza lakay minè epi sipòte travay Gouvènè Hochul la pou pwoteje sante ak byennèt tout Nouyòkè yo."

Direktè Egzekitif Konsèy sou Jwèt Aza Pwoblematik Nouyòk la, Michelle Hadden, te deklare, "Aksyon rapid Komisyon Jwèt Aza a te pran pou ekri epi pibliye mezi sa yo pwopoze an repons a apèl Gouvènè Hochul la pou aksyon an se yon temwayaj ki montre ke y ap adrese pwoblèm jwèt aza a kòm yon pwoblèm serye nan Nouyòk. Mezi regilatwa yo se yon pati nesèsè pou asire ke anviwònman jwèt aza a se pou amizman pou moun ki gen laj legal SÈLMAN epi yo se yon pati enpòtan nan apwòch sante piblik konplè Nouyòk la. Pa dwe gen pwofi sou vilnerabilite nan anviwònman sa yo epi nou apresye ke Komisyon Jwèt Aza a ap dekri epi rekòmande aksyon klè."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Sante mantal jèn yo se toujou yon kriz nan Eta Nouyòk. Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Sena a, mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te adopte mezi ki pral pwoteje jèn nou yo kont jwèt aza sou entènèt epi kenbe yo an sekirite kont danje ki ka rive."

Entèdiksyon pou tout operatè jwèt aza yo sèvi ak entèlijans atifisyèl pou vize kliyan yo

Komisyon an ap konsidere entèdi tout detantè lisans oswa franchiz yo — pa sèlman sa k ap fè paryaj espòtif yo — pou yo pa sèvi ak entèlijans atifisyèl pou ofri pwomosyon pèsonalize oswa sijere paryaj oswa kantite lajan pou parye bay yon kliyan.

Anpeche plis aksè pou minè yo

Pou anpeche moun ki poko gen laj pou sa jwenn aksè ak paryaj espòtif nan Eta Nouyòk, Komisyon an ap konsidere:

- Egzije kontwòl sou laj ak anrejistremant aparèy pou anpeche nenpòt moun ki poko gen laj telechaje oswa enstale yon aplikasyon jwèt aza sou aparèy yo.

- Egzije moun yo pou bay done byometrik pou kreye yon kont pou asire ke moun ki pral itilize kont lan pita a se menm moun ki te kreye kont lan. Moun ki gen kont aktyèl yo ap gen de mwa pou bay done byometrik yo, oubyen yo ap fèmen kont yo.
- Egzije yon moun k ap parye pou l bay idantite byometrik li anvan li kòmanse yon sesyon paryaj epi yon dezyèm fwa anvan paryaj la aksepte.
- Egzije moun ki gen lisans parayj espòtif yo pou yo itilize kontwòl jewolokalizasyon pou refize aksè lè yo eseye fè sa apati de:
 - Yon aparèy mobil ki pa sa kliyan an abitye itilize a; oubyen
 - Kote kliyan an pa nòmalman itilize aplikasyon an sof si li konfime idantite li atravè yon ID byometrik.
 - Anpeche aksè ak kont nan de oswa plis kote ki twò lwen pou kliyan an nan menm moman an oswa tou pre menm moman an.
 - Bay granmoun posiblite pou anpeche yo itilize nimewo Sekirite Sosyal yo pou kreye yon kont parayj espòtif, pandan yon peryòd tan fiks.

Komisyon an ap konsidere tou pou entèdi envolontèman nenpòt moun ki pèmèt yon moun ki poko gen laj jwe aza pou patisipe nan nenpòt jwèt aza nan Eta Nouyòk. Moun sa yo t ap gen entèdiksyon pou yo jwe lotri Nouyòk la, ale nan yon kous chwal, ale nan yon konsè oswa manje nan yon restoran nan yon kazino komèsyal, elatriye nenpòt kote nan Eta Nouyòk.

Responsab Jwèt Responsab pou Operatè, Deklanchè Aksyon pou Kliyan, ak Faz Entèvansyon yo

Komisyon an ap konsidere tou yon pwopozisyon konplè sou jwèt responsab ki soti nan New Jersey ki ta etabli deklanchè aktivite kliyan yo pou entèvansyon operatè a epi ki ta egzije pou chak operatè deziyen yon Responsab Jwèt Responsab pou aplike egzijans regilatwa yo, tankou idantifye ak kenbe yon lis kliyan ki an risk, asire ke kliyan ki an risk yo resevwa enfòmasyon sou jwèt responsab epi asire ke kliyan ki an risk yo pa resevwa materyèl piblisite dirèk; Responsab la pral antreprann tou faz espesifik entèvansyon yo selon deklanchè sa yo pou entèvansyon operatè a:

1. Depo yon kliyan ki depase 10,000 dola sou yon peryòd 24 èdtan
2. Depo yon kliyan ki depase 100,000 dola sou yon peryòd 90 jou
3. Yon kliyan ale sou paj demann eksklizyon volontè a, men li pa fini pwosesis la twa fwa oswa plis nan yon peryòd trant jou
4. Yon kliyan mande yon dezyèm peryòd refwadisman nan 45 jou apre premye peryòd refwadisman an fini.
5. Yon kliyan ogmante limit jwèt responsab ke operatè a ofri twa fwa youn apre lòt, san okenn diminisyon, nan yon peryòd sèt jou.
6. Yon kliyan anile demann retrè twa fwa nan yon peryòd 10 jou.
7. Total lajan ki soti nan kont yon kliyan depase 1,000,000 dola nan yon peryòd 90 jou.
8. Tan yon kliyan pase konekte sou kont li ogmante pa 50 pousan oswa plis pandan semèn aktyèl la, konpare ak peryòd de semèn ki te vini touswit anvan an

9. Yon kliyan fini de oswa plis sesyon jwèt aza nan menm semèn nan ak yon balans mwens pase 1 ki rete nan kont lan.
10. Yon kliyan konkli de oswa plis sesyon nan menm semèn nan ak yon ogmantasyon nan kantite total paryaj li yo parapò ak sesyon anvan an.
11. Yon kliyan depoze lajan ki soti nan plis pase de sous nan yon peryòd 24 èdtan.
12. Nenpòt lòt deklanchè operatè a idantifye kòm endikatè potansyèl konpòtman pwoblèm jwèt aza.
13. Nenpòt lòt deklanchè Komisyon an idantifye

Deklanchè ki anwo yo ta mande yon faz entèvansyon apwopriye nan men operatè a:

Faz 1: Operatè a dwe kontakte kliyan an epi ba li enfòmasyon konsènan disponiblite karakteristik jwèt responsab operatè a, tankou tan, limit pèt ak depo, opsyon peryòd kalm, demann oto-esklizyon ak pwosedi pou fèmen kont, ansanm ak resous ki ka aksesib pou sipòte jwèt responsab epi pou adrese pwoblèm jwèt aza.

Faz 2: Operatè a dwe mande kliyan an pou l gade yon videyo konsènan danje jwèt aza pou l ka kontinye parye. Videyo a dwe dekri tou karakteristik jwèt responsab operatè a.

Faz 3: Responsab jwèt responsab operatè a dwe kontakte kliyan an pa telefòn, apèl videyo oswa lòt metòd apwouve pou diskite sou konpòtman an epi pou mete aksan sou tout opsyon jwèt responsab operatè a ofri. Responsab jwèt responsab la dwe bay kliyan an enfòmasyon pou kontakte yon pwofesyonèl nan jwèt responsab ansanm ak pwòp enfòmasyon kontak pa li. Responsab jwèt responsab la kapab tou refere kliyan an bay pwofesyonèl medikal ijans ak/oswa sante mantal oswa bay lapolis, si responsab jwèt responsab la detèmine ke kliyan an ka an danje pou pwòp tèt li oswa pou lòt moun. Y ap sispann kont kliyan an jiskaske kominikasyon dirèk ke yon entèvansyon faz 3 mande a fini epi responsab jwèt responsab la detèmine ke kliyan an pa montre konpòtman jwèt aza pwoblèm. Si, apre yon entèvansyon faz 3, responsab jwèt responsab la konkli ke kliyan an ap montre siy pwoblèm jwèt aza, y ap fèmen kont kliyan an, epi y ap refere kliyan an bay resous ki disponib pou pwoblèm jwèt aza.

Tèks konplè règleman pwojè yo disponib sou entènèt:

- [Elaborasyon Règleman Posib pou Prevansyon Jwèt pou Moun ki Pa ko Majè \(9 NYCRR § 5402.4\)](#)
- [Elaborasyon Règleman Posib pou Jwèt Responsab \(9 NYCRR Pati 5404\)](#)

Komisyon Jwèt Aza a travay kole ak Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta Nouyòk la ak Konsèy pou Jwèt Aza Pwoblematik Nouyòk la kòm yon pati nan Patenarya pou Jwe Responsab (Responsible Play Partnership, RPP) Nouyòk la. RPP a rasanble tout moun ki gen enterè yo ansanm pou rezoud pwoblèm jwèt aza, ki gen ladann konble vid ant operatè etablisman jwèt aza ak founisè tretman jwèt aza pwoblematik yo. RPP travay pou asire ke tout antite jwèt aza nan eta a respekte tout règ ak règleman yo epi bay aksè ak èd pou moun ki bezwen li. RPP kontinye travay pou avanse angajman kontinyèl Nouyòk pou anpeche ak trete pwoblèm jwèt aza.

Moun k ap chèche èd yo ka vizite NYProblemGamblingHelp.org oswa rele HOPEline konfidansyèl Eta Nouyòk la nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa voye tèks bay HOPENY nan 467369.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)